

# ENFÒMASYON ENPO SOU FON POU TRAVAYÈ YO METE DEYÒ (EXCLUDED WORKERS FUND) 1099-G

Enfòmasyon ou bezwen pou deklarasyon enpo sou revni

Benefis Fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund) yo konsidere yo kòm revni yo ka pran taks sou yo. Menmsi yo tou retire taks nan pèman yo voye yo, yo ka toujou touche taks federal nan kòb la.

Atestasyon fòmilè enpo (1099-G) pou moun k ap resevwa Sèten Pèman nan men Gouvènman yo ap disponib nan fen mwa Janvyè 2022 pou moun k ap viv Nouyòk ki te resevwa pèman EWF pandan tout ane 2021 an. Fòmilè enpo sa a bay kantite lajan EWF ou te touche nan Ministè Travay Eta Nouyòk nan 2021 an, ak nenpòt lòt ajisteman oswa kòb taks yo te kenbe sou benefis ou yo. Ou dwe mete fòmilè sa a avèk deklarasyon enpo w la pou ane 2021 an.

Remak: Fòmilè enpo 1099-G pou asirans chomaj yo ak benefis pou chomaj pandan pandemi yo apa. Ale sou [dol.ny.gov/unemployment/1099-g-tax-form](https://dol.ny.gov/unemployment/1099-g-tax-form) pou plis enfòmasyon.

## FASON POU W JWENN FÒMILÈ ENPO 1099-G W LA

Y ap voye fòmilè enpo 1099-G pou ou pa lapòs nan adrès ou te bay nan aplikasyon EWF ou a.

## DETAY SOU FÒMILÈ 1099-G LA

Men kijan enfòmasyon ki nan fòmilè enpo 1099-G a prezante:

- Kazyè 6: Sibvansyon ki taksab - Bwat sa a gen ladan kantite lanjan yo te peye w nan benefis EWF la pandan tout ane a.
- Kazyè 11: Taks Leta sou Revni yo Kenbe - Kazyè sa a gen ladan kantite taks leta sou revni yo te kenbe nan benefis ou yo pandan tout ane a.

## SI W PA T RESEVWA OSWA OU PA DAKÒ AVÈK ENFÒMASYON 1099-G YO?

Si w pa t resevwa fòmilè 1099-G w la oswa ou pa dakò avèk nenpòt enfòmasyon ki bay nan fòmilè 1099-G a, tanpli ranpli Fòmilè EWF Kòmantè Kliyan Yo nan [dol.ny.gov/unemployment/1099-g-tax-form](https://dol.ny.gov/unemployment/1099-g-tax-form) Chwazi opsyon "I have an issue with my 1099-G tax form" lan epi bay plis detay ansanm ak nimewo ID Reklamasyon EWF ou a. Ministè Travay Eta Nouyòk (NYSDOL) pral revize demann ou a epi voye yon fòmilè enpo 1099-G modifiye ba ou oswa yon lèt ki pou eksplike w.

## KESYON YO POZE PI SOUVAN

### K: ÈSKE 1099-G A SE YON FAKTI?

Non, li pa yon fakti. Se yon fòmilè enpo ki montre konbyen kòb ou te touche nan benefis EWF yo nan men Ministè Travay Eta Nouyòk pandan yon ane an 2021 an.

### K: KISA POU M FÈ AVÈK FÒMILÈ ENPO 1099-G?

Ou dwe mete fòmilè avèk deklarasyon enpo w la epi mete benefis EWF ou te touche yo nan salè w pandan ane ki aplikab la. Si w itilize yon ajans ki pou prepare taks oswa fè deklarasyon enpo de fason elektwonik, asire w ou mete fòmilè 1099-G avèk lòt enfòmasyon enpo pou ane a. Konsilte moun k ap prepare enpo a pou a oswa Ministè Enpo ak Finans Eta Nouyòk (NYS Department of Tax and Finance) si w gen kesyon sou fòmilè 1099-G a. Ou ka kalifye tou pou deklarasyon elektwonik gratis. Pou plis enfòmasyon sou deklarasyon enpo sou revni Eta Nouyòk, ale sou [tax.ny.gov](https://tax.ny.gov).

### K: ADRÈS KI SOU FÒMILÈ ENPO 1099-G MWEN AN PA BON. ÈSKE SA AP FÈ ENPAK ENPO M?

Non, depi Nimewo Sekirite Sosyal la oswa ITIN ki ekri sou fòmilè a kòrèk.

### K: E SI MWEN GEN YON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OSWA YON ITIN?

Ou pa ka fè yon deklarasyon enpo sou revni federal san w pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa yon ITIN. Tanpri ale sou [irs.gov/individuals/new-york-state-residents-excluded-workers-fund-payments](https://irs.gov/individuals/new-york-state-residents-excluded-workers-fund-payments) oswa [irs.gov/individuals/how-do-i-apply-for-an-itin](https://irs.gov/individuals/how-do-i-apply-for-an-itin) pou plis enfòmasyon.

### K: ÈSKE MWEN KA FÈ YO VOYE TAKS YO TE KENBE YO BAN MWEN?

Ministè Travay pa ka voye okenn taks yo te kenbe ba ou. Sèlman gouvènman federal oswa leta ki ka voye bagay sa yo ba ou nan kad ranbousman enpo sou revni.

### K: ÈSKE BENEFIS EWF YO PA GEN OKENN TAKS SOU REVNI SOU YO?

Kantite benefis EWF ou te resevwa taksab nan Eta Nouyòk selon lwa enpo Eta Nouyòk. Yo kenbe taks nan Eta Nouyòk lè w touche epi pa genyen esklizyon nan Eta Nouyòk. Pou kesyon konsènan taks federal, tanpri kontakte Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service -IRS) nan [irs.gov](https://irs.gov).